

Kapital sosyal ak rezilyans nan La Plaine, Ayiti: Enplikasyon pou politik imanité

SoCap Nòt Politik

No. 3, mwa Out 2026

Pwen kle

Nan La Plaine, kapital sosyal bati an premye epi sitou atravè moun ak relasyon; se yo ki soutni fason moun jwenn aksè ak tout lòt resous epi sèvi avèk yo.

Dapre rezilta faz pilòt la, manm fanmi, vwazen, zanmitay, lidè kominotè, rezo relijye ak relasyon ak dyaspora a bay sipò chak jou, pwoteksyon, konsèy ak solisyon pou pwoblèm pandan kriz. Prèy ki soti nan faz pilòt la an Ayiti montre pwogram ki neglijè dinamik sosyal yo ka lakoz doub travay, eksklizyon, e menm konpetisyon ak konfli, sa ki domaje menm relasyon kominote yo depann de yo toutbon. Donatè imanité yo kapab chèche fason pou ogmante enpak la lè yo pèmèt finansman pou fasilite, ranfòsman konfyans, kowòdinasyon ak dialòg nan nivo kominote a kòm depans pwogram ki lejitim e nesèsè.

Kapital sosyal pa distribye menm jan pou tout moun: laj ak sèks enfliyanse kiyès ki ka jwenn aksè ak rezo, resous, sipò ak opòtinite, ansanm ak risk yo fè fas.

Rezilta preliminè yo montre jèn fanm yo souvan depann de rezo ki pi etwat, sitou nan fanmi an, epi yo angaje nan mwayen pou viv ki lokal e ki bay ti revni. An jeneral, jèn gason yo gen aksè ak rezo kanmarad ak rezo lidèchip ki pi laj, ansanm ak opòtinite ekonomik ki pi divès; men yo sibi plis presyon pou antre nan gwoup ame epi yo pi ekspozè ak vyolans. Pwogram ki baze sou prèy ki montre kote sipò sosyal ki egziste deja yo fragman, inegal oswa distribye yon fason dezèkilibre kapab non sèlman travay ak estrikti sosyal ki la yo, men tou soutni, ranfòse ak elaji yo. Donatè yo ta dwe konsidere sipò pou pwogram ki vize klèman ranfòse rezo kanmarad pami moun, tankou jèn fanm, ki gen aksè ki pi limite ak kapital sosyal.

Fason òganizasyon sosyete sivil ak chèchè yo angaje ak kominote yo ka febli kapital sosyal san yo pa gen entansyon fè sa.

Etid pilòt nou an te montre evalyasyon bezwen ki fèt souvan san anpil fidbak bay kominote a, ansanm ak seleksyon pasyèl moun k ap resevwa èd, te souvan parèt tankou pratik ki febli solidarite, ankouraje depandans epi ogmante konpetisyon nan kominote yo. Okontrè, apwòch patisipatif ki chita sou resous ki deja egziste, ki travay atravè estrikti lokal moun fè konfyans, ki respekte pratik èd mityèl tankou konbit, epi ki rekonèt rezidan yo kòm ekspè ki gen konesans, te ede ranfòse konfyans, kowòdinasyon ak asirans nan tèt yo. Kad politik ak mekanis finansman yo ta dwe ankouraje aktè imanité ak aktè devlopman yo pou yo rekonèt epi kolabore ak otorite lokal ak estrikti kominotè kote sa posib, epi ankouraje mòd angajman - tankou apwòch ki chita sou resous ki deja egziste ak mekanis fidbak kote yo retounen enfòmasyon bay kominote a - ki pwoteje kapital relasyonèl olye yo degrade li.

Nòt politik sa a prezante an rezime konsta ki devlope an detay nan Nòt Rechèch SoCap, ki disponib nan



KONTÈKS

An Ayiti, pwojè Wòl Kapital Sosyal nan Kontèks lben Frajil ak Kontèks ki Afekte pa Konfli (SoCap) ap chèche konprann kijan diferan sougwoup jèn nan Site Solèy bati rezilyans fas ak chòk ak estrès selon diferans ki genyen nan aksè yo ak kapital sosyal.

Kapital sosyal – sa vle di rezo, nòm ak konfyans ki fasilite kowòdinasyon ak koperasyon – montre li gen valè pou rezilyans nan diferan etap sik katastwòf la¹. Sepandan, li difisil pou konprann wòl li nan kontèks frajil ak kontèks ki afekte pa konfli: faktè presyon yo dire lontan, repete an sik epi yo grav; divizyon ki soti nan konfli ka ranfòse oswa febli lyen sosyal; epi fòm kapital sosyal ki pi fèm sou tèt yo ka ranfòse mefians epi febli rezilyans alontèm.

a travè nòt sa a, nou itilize mo konbit, yon tèm kreyòl ayisyen ki dekri yon pratik tradisyonèl kolaborasyon ak koperasyon nan kominote a, ki chita sou èd mityèl ak aksyon kolektif². Sans mo a jodi a ale pi lwen pase sa: li gen ladan valè fondamantal solidarite, responsablite, respizosite ak patisipasyon.

Pwojè SoCap an Ayiti itilize yon konsepsyon rechèch kalitatif patisipatif ki dirije lokalman. Pifò manm ekip ki nan peyi a se lidè sosyal ki soti anndan Site Solèy. Ant septanm ak oktòb 2025, ekip la te òganize 11 diskisyon an gwoup ak uit entèvyew endividyèl, avèk yon total 95 moun nan La Plaine, Site Solèy.

Nòt politik sa a prezante an rezime konsta ki devlope an detay nan Nòt Rechèch SoCap, ki disponib nan:
<https://www.concern.net/knowledge-hub/social-capital-and-resilience-fragile-and-conflict-affected-urban-contexts>.

Kisa kapital sosyal ye?

Kapital sosyal kapab entèprete lajman kòm rezo, relasyon, nòm, enstitisyon ak konfyans sosyal ki fasilite entèraksyon, echanj, kowòdinasyon ak koperasyon andedan ak ant gwoup sosyal yo.

REZILTA 1: Moun ak relasyon se resous ki pi enpòtan pou kominote a

Nan tout gwoup patisipan yo, te gen yon deklarasyon ki te konsistan e ki te fò: moun se pi gwo resous La Plaine. Fanmi, vwazen, kanmarad, lidè kominotè ak fanmi nan dyaspora bay sipò chak jou, solidarite emosyonèl, oryantasyon pou jwenn sèvis ak pwoteksyon pandan kriz. Lòt resous – tè, enfrastrikti, enstitisyon, byen finansye – jwenn sans sitou lè aktivite kolektif ak konfyans mete yo an mouvman. Jan yon lidè relijye te di: **"Resous imen se sa ki pi enpòtan; san li, tout lòt yo kraze."** An menm tan, vyolans, stigmatizasyon ak laperèz limite anpil depasman epi restrenn kiyès ki ka jwenn aksè ak rezo ak sipò.

Kisa sa vle di pou politik yo?

Efò pou bati rezilyans ki rekonèt, pwoteje epi evite deranje sipò ki baze sou vwazinaj ak relasyon yo gen plis chans pou ranfòse kapasite moun pou jere chòk ki repete.

REZILTA 2: Kapital sosyal pami jèn yo varye selon sèks, sa ki kreye diferan pwofil resous ak rezilyans

Jèn fanm yo souvan depann de rezo ki pi etwat, ki baze sou fanmi, ak mwayen pou viv ki lokal epi ki bay ti revni. Jèn gason yo gen aksè ak rezo kanmarad ak rezo lidèchip ki pi laj, ansanm ak opòtinite ekonomik ki pi divès; men yo sibi gwo presyon pou antre nan gwoup ame epi yo pi ekspozè ak vyolans. Toude gwoup yo sibi gwo stigmatizasyon paske yo sipoze afilye ak gwoup ame; sa ka lakoz diskriminasyon, asèlman ak atak vize. Toude te eksprime gwo aspirasyon pou edikasyon, travay diy ak sekirite, men yo te idantifye sèlman kèk chemen reyalis pou reyalize objektif sa yo.

Kisa sa vle di pou politik yo?

Pwogram rezilyans ki trete kominote yo oswa jèn yo kòm yon sèl gwoup riske ranfòse inegalite ki deja egziste yo, epi yo ka, san yo pa vle, mete kèk gwoup sou kote oswa ekspozè yo ak danje.

REZILTA 3: Fason sosyete sivil ak chèchè yo angaje ka febli oswa ranfòse kapital sosyal

Kapital sosyal nan La Plaine trè sansib ak fason aktè ekstèn yo prezante bezwen yo, rekonèt resous yo epi angaje kominote yo. Moun te wè pwojè kout tèms ak evalyasyon bezwen ki repete kòm bagay ki dekouraje inisyativ epi febli responsablite kolektif; seleksyon pasyèl moun k ap resevwa èd te kreye sispisyon, degrade solidarite epi ogmante konpetisyon anndan ak ant katye yo. Apwòch patisipatif ki te travay atravè estrikti lokal moun fè konfyans epi ki te rekonèt rezidan yo kòm ekspè ki gen konesans te asosye ak plis konfyans ak pi bon kowòdinasyon. Faz pilòt la montre menm èd ak rechèch ki gen bon entansyon ka fè mal lè yo febli konfyans, koperasyon oswa rezo sipò ki deja egziste.

Kisa sa vle di pou politik yo?

Apwòch ki rekonèt fòs ak relasyon ki deja egziste yo gen plis chans pou soutni aksyon kolektif ak rezilyans dirab sou tan.

REKÒMANDASYON

Konsta ki anwo yo soti nan yon premye faz pilòt nan yon pwojè rechèch plizyè ane ki fèt nan plizyè sit. Anba a, nou prezante enplikasyon preliminè pou pati konsène nan politik piblik, sou baz premye rezilta sa yo. Rezo kominotè yo se enfrastrikti ki fè lokalizasyon mache an pratik; nan kontèks tankou Ayiti, yo deja fondasyon sivil chak jou ak repons kominote yo bay pandan kriz. Lè finansman imanité soutni, ranfòse ak elaji lyen sa yo pou yo vin pi ekitab ak enklizif, sa ka transfòme efikasite ak dirabilite finansman an epi bay plis valè ak enpak.

Travay pou rekonèt epi angaje otorite lokal yo, menm kote otorite fòmèl la limite.

Menm si otorite lokal yo ka gen kapasite limite, epi kèk ladan yo ka pa prezan nan kominote a ankò, rezilta preliminè nou yo montre yo ta dwe fè efò pou mete yo ladan lè sa posib. Kad politik ak mekanis finansman yo ta dwe ankouraje aktè imanité ak aktè devlopman yo pou yo rekonèt epi angaje otorite lokal yo kote sa posib, san yo pa sipoze se yo ki prensipal kanal pou bay sèvis.

Menm yon patisipasyon limite ka soutni gouvènans alontèm, diminye sistèm paralèl epi amelyore kowòdinasyon. Apwòch sa a an akò ak angajman donatè yo pou ranfòse gouvènans ak prezans enstitisyonèl nan kontèks frajil³.

Konsidere finansman kapasite sosyal ak relasyonèl kòm eleman nesèsè nan pwogram yo.¹⁴

Donatè imanité yo kapab chèche fason pou ogmante enpak la lè yo pèmèt finansman pou fasilite, ranfòsman konfyans, kowòdinasyon ak dyalòg nan nivo kominote a kòm depans pwogram ki lejitim e nesèsè. Prèy ki soti nan faz pilòt la ann Ayiti montre pwogram ki neglije dinamik sosyal yo riske lakoz doub travay, eksklizyon, e menm konpetisyon ak konfli, tandiske pwogram ki envesti nan relasyon yo gen plis chans pou moun aksepte yo epi pou yo dire. Yon lòt bò, pwogram ki baze sou prèy sou kote sipò sosyal ki egziste deja yo fragman, inegal oswa distribiye yon fason dezèkilibre kapab non sèlman travay ak estrikti sosyal ki la yo, men tou soutni, ranfòse ak elaji yo. Rekòmandasyon sa a ann akò ak angajman pou apwòch ki dirije lokalman nan kad Humanitarian Reset, sansibilite pou konfli ak ranfòsman rezilyans, adaptasyon repons imanité yo ak ranfòsman patenarya lokal yo, ansanm ak apèl pou angajman ki santre sou moun⁴.

Bay finansman dirèk ak fleksib pou estrikti kominotè moun fè konfyans yo kòm yon priyorite.

Premye etid (etid inisyèl) nou an montre donatè imanité yo kapab amelyore efikasite lè yo elaji mekanis finansman dirèk ak fleksib pou òganizasyon kominotè moun fè konfyans, tankou rezo fanm ak asosyasyon lokal, avèk akonpayman apwopriye ak echanj konesans ak kapasite. Lè aktè lokal yo resevwa resous kòm patnè – olye yo trete yo kòm sou-kontraktè – pwogram yo parèt pi lejitim, pi adaptab epi pi kapab rann kont.

1. Putnam, R. (1995) 'Bowling Alone: America's Declining Social Capital,' *Journal of Democracy*, 6, 65-78, p. 67; Rhude, K., et al. (2025) *A Review of Evidence of the Impact of Social Capital on Resilience*, SoCap Research Brief, No. 1.

2. Versaillot, P.-D. & Honda, R. (2024) 'Building social capital through Konbit for post-disaster recovery: A case study of rural areas in the Xaragua peninsula, Haiti', *International Journal of Disaster Risk Reduction*, 109, 104604.

3. Government of Ireland (2019) *A Better World: Ireland's Policy for International Development*.

4. Government of Ireland (2019) *A Better World*; World Bank Group (2025) *Country Partnership Framework for Haiti*; ECHO (2026) *Humanitarian Implementation Plan (HIP) Latin America and the Caribbean*.

Konsènan pwojè SoCap

Wòl Kapital Sosyal nan Kontèks iben ki Frajil ak Afekte pa Konfli (SoCap) se yon pwojè rechèch ki dire twa ane, ki jwenn finansman nan men Irish Aid epi ki fèt an patenarya ak Concern Worldwide. Li analize de fason sistematik entèraksyon ki genyen ant kapital sosyal, rezilyans, anviwònman iben, ansanm ak sitiasyon konfli ak frajilite pami popilasyon iben ki sou kote an Ayiti, nan Somali ak Somaliland

Rechèch sa a, ki itilize metòd melanje, vize konprann kijan mekanis ki fè kapital sosyal vin tounen rezilyans pou gwoup iben ki sou kote yo ap ankouraje oswa bloke, pou idantifye zouti pratik pou aktè operasyonèl ak politik yo.

Ekip rechèch la gen ladan Jessica Hsu ak Robillard Louino, Gwoup Konbit, Ayiti ; Manar Zaki ak Brenton Peterson, Consilient, Somali ak Somaliland ; Dr Kelsey Gleason, University of Vermont; Dr Ronak Patel, Nova Frontlines; ansanm ak Dr Caitriona Dowd, Jothsaïna Pierre ak Abdulkadir Adan, University College Dublin.

Lide yo, opinyon ak kòmantè ladan l yo se antyèman responsablite otè li yo epi yo pa nesesèman reprezante oswa reflekte politik Irish Aid.

Kijan pou site piblikasyon sa a:

Hsu, Jessica, Rubson Brumaire, Louino Robillard, Smith Petioth, Tamara Revulus, Pierre Marc Baptiste, Sobia Jacques, Caitriona Dowd, Jothsaïna Pierre, Ronak Patel and Kelsey Gleason. (2026). *Social capital and resilience in La Plaine, Haiti: Implications for humanitarian policy*. SoCap Policy Brief No. 3.

Pou plis enfòmasyon sou pwojè SoCap la, tanpri vizite

<https://www.concern.net/knowledge-hub/social-capital-and-resilience-fragile-and-conflict-affected-urban-contexts>

